



Enfòmasyon sou Reklamasyon - TOUT KOMINIKASYON DWE GEN NIMEWO SA YO LADAN

Dat Aksidan/Maladi: _____ Nimewo Dosye WCB: _____ Limit Total Avantaj PPD Mwen Pral Ekspire nan Dat (MM/JJ/AAAA): _____

Enfòmasyon sou Anplwaye

Non Fanmi: _____ Prenon: _____ INISYAL DEZYÈM PRENON: _____

Adrès Postal: _____ Liy 2: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____ Peyi: _____

Nimewo telefòn lajounen: _____ Adrès Imèl: _____

Kilè pou w depoze Fòm C-35 - Sèvi ak fòm sa a si w se yon travayè ki blese pou mande yon re-detèminasyon poutèt ou gen difikilte grav jan sa deklare nan Seksyon 35(3) nan Lwa sou Konpansasyon Travayè epi ou te klase avèk yon andikap pasyèl pèmanan avèk yon pèt kapasite pou touche salè ki plis pase 75%, epi limit total avantaj ou pral ekspire nan lespas yon ane (365 jou oswa mwens soti nan dat jodi a).

Revni Kay la ki pa Salè - Ekri tout revni ki pa salè ke kay la resevwa chak mwa.

| | Travayè Blese a | Mari/Madanm | Lòt Granmoun k ap viv ak travayè ki blese a |
|--------------------------------------|-----------------|-------------|---|
| Avantaj Konpansasyon Travayè | _____ | _____ | _____ |
| Avantaj Andikap Sekirite Sosyal | _____ | _____ | _____ |
| Avantaj Retrèt Sekirite Sosyal | _____ | _____ | _____ |
| Revni Sipò Timoun | _____ | _____ | _____ |
| Pansyon Alimantè Mari/Madanm | _____ | _____ | _____ |
| Lòt Revni (presize): | _____ | _____ | _____ |
| Lòt Revni (presize): | _____ | _____ | _____ |
| Lòt Revni (presize): | _____ | _____ | _____ |
| Total Revni Kay la ki pa Salè | _____ | _____ | _____ |

Depans ki Nesesè pou Viv Chak mwa - Site montan chak mwa yo. Pou depans ou peye lòt jan pase chak mwa, gade eksplikasyon yo.

| Depans Kay la | Depans Chak mwa | Lòt Depans (presize) | Depans Chak mwa |
|----------------------------------|-----------------|----------------------------|-----------------|
| Lwaye oswa Ipotèk | _____ | _____ | _____ |
| Elektrisite, Lwil/Gaz, Dlo/Fatra | _____ | _____ | _____ |
| Telefòn/Selilè/Kab/Entènèt | _____ | _____ | _____ |
| | | TOTAL Depans Kay la | _____ |

Lòt faktè ki kontribye pou gen difikilte grav - Sèvi ak espas sa a oswa tache fèy papey anplis pou bay detay sou nenpòt lòt faktè ki kontribye pou gen difikilte grav.

Siyati Travayè Blese a: _____ Dat: _____

Nenpòt moun ki volontèman epi avèk ENTANSYON POU FÈ FWÒD prezante, lakòz yo prezante, oswa prepare alòske li konnen oswa kwè yo pral prezante li bay, oswa li pral prezante pa yon konpayi asirans, oswa pwòp asirè, nenpòt enfòmasyon ki gen ladan nenpòt FO DEKLARASYON ENPÒTAN oswa ki kache nenpòt eleman enpòtan, moun sa AP KOUYAB YON KRIM epi li gendwa sibi GWO AMANN AK PRIZON.

Pou Travayè Blese a - Enfòmasyon Jeneral Sou Fason pou itilize Fòm sa a

Ou kapab depoze fòm sa a (C-35) ak nenpòt atachman nan Komisyon Konpansasyon Travayè pa faks, imèl oswa pa lapòs nòmal. Gade anba a pou w jwenn enfòmasyon pou adrès la. Tanpri kenbe yon kopi fòm ou fin ranpli a ak dokiman sipò yo. Apre Komisyon an fin egzaminen fòm ou ranpli a, nou ka kontakte w pou plis enfòmasyon. Si fòm sa a pa bay ase espas pou w mete tout enfòmasyon enpòtan yo, tache enfòmasyon anplis yo nan yon dokiman apa. Tanpri mete aklè sou tout dokiman yo non ou, Nimewo dosye WCB ou ak dat aksidan oubyen maladi a.

1. Fòm sa a se sèlman pou itilizasyon travayè blese ki te klase kòm moun ki gen yon andikap pasyèl pèmanan avèk yon pèt kapasite pou touche salè ki plis pase 75%.
2. Ou kapab depoze fòm sa a nan Komisyon Konpansasyon Travayè nan ane ki anvan finisman konplè ki prevwa pou peman konpansasyon yo. Y ap voye tounen epi yo p ap trete fòm ki depoze anvan yon ane anvan finisman konplè avantaj yo.
3. Sèvi ak fòm sa a pou site revni ki soti nan tout sous, ankontan sous lòt moun k ap viv nan menm kay ak travayè ki blese a. Tache lòt fèy anplis si sa nesèsè. Sèvi ak fòm sa a pou site depans kay la ak nenpòt lòt faktè ki kontribye pou gen difikilte grav.

Mete montan pa mwa pou depans yo. Pou nenpòt depans ki pa peye pa mwa, konvèti yo nan fason sa:

| Si yon bòdwo peye ... | Pou kalkile montan pa mwa a ... |
|-----------------------|---------------------------------|
| Chak twa mwa | Divize pa 3 |
| Chak semèn | Miltipliye pa 4.3 |
| Chak de semèn | Miltipliye pa 2.17 |
| De fwa chak mwa | Miltipliye pa 2 |

4. Soumèt dokiman pou tout depans ak revni kay la ki site sou C-35 la. Aplikasyon ki pa konplè ka gen reta annatandan yo resevwa enfòmasyon konplè.

Ranpli enfòmasyon idantifikasyon nan anlè Fòm C-35 la epi voye fòm lan, AVÈK TOUT ATACHMAN ENFÒMASYON KI APLIKAB nan:
Workers' Compensation Board
PO Box 5205
Binghamton, NY 13902-5205

Adrès pou Depoze pa Imèl: wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov • Liy Faks pou tout Eta a: (877) 533-0337

Divilgasyon Enfòmasyon: Komisyon an pa pral divilge san konsantman w okenn enfòmasyon sou dosye w bay okenn pati ki pa gen otorizasyon. Si w chwazi pou yo divilge enfòmasyon sa yo bay yon pati ki pa gen otorizasyon, ou dwe depoze nan Komisyon an yon Fòm orijinal OC-110A ki siyen, Otorizasyon Demandè pou Divilge Dosye Konpansasyon Travayè, oswa yon lèt otorizasyon orijinal siyen, notarye. Ou ka telefone biwo WCB lokal ou pou fè yo voye Fòm OC-110A a pou ou, oswa ou kapab telechaje li nan paj wèb nou an, www.wcb.ny.gov. Ou ka jwenn li nan tit "Common Forms Online" (Fòm Komen sou Entènèt). Poste fòm otorizasyon ou ranpli a nan adrès ki mansyone anwo a.

Notifikasyon Dapre Lwa New York sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive Pèsonèl (New York Personal Privacy Protection Law) (Atik 6-A Lwa konsènan Fonksyonè Piblik) (Public Officers Law) ak Lwa Federal 1974 sou Konfidansyalite (Federal Privacy Act) (5 U.S.C. § 552a). Otorite Komisyon Konpansasyon Travayè (Komisyon an) pou mande demandè yo pou yo bay enfòmasyon pèsonèl yo, ansanm ak nimewo sekirite sosyal yo, soti nan otorite ankèt Komisyon an dapre Lwa sou Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Law, WCL) § 20, ak otorite administratif li dapre WCL § 142. Yo pran enfòmasyon sa yo pou ede Komisyon an nan fè ankèt sou reklamasyon yo ak nan administre yo nan mannyè pi rapid ki posib, ak pou ede konsève dosye egzat sou reklamasyon. Ou bay Komisyon an nimewo sekirite sosyal ou si w vle. Pa gen sanksyon poutèt ou pa bay nimewo sekirite sosyal ou nan fòm sa a; sa p ap lakòz ou jwenn refi pou reklamasyon ni yon rediksyon nan avantaj yo. Komisyon an ap pwoteje konfidansyalite tout enfòmasyon pèsonèl li gen nan men li, l ap divilge enfòmasyon yo sèlman nan kad fonksyon ofisyèl li epi annakò avèk lwa Eta ak lwa federal ki aplike pou sa.